

Nim. 202.38

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sityasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sityasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law), avèk dokiman sa a, ap kontinye ak sispansyon ak modifikasyon lwa yo, ak nenpòt enstwiksyon, ke yon enstwiksyon ilterè pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 a ak chak Dekrè Egzekitif ki vin apre sa yo ki gen pami yo Dekrè Egzekitif 202.14 la, menm jan li kontinye nan Dekrè Egzekitif 202.27 ak 202.28 jiska 6 jiyè 2020; epi

**AN PLIS DE SA**, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sityasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 6 jiyè 2020:

- Nan yon fason ki konsistan ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Controls and Prevention, CDC) yo ak Konsèy Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la, pwopriyetè batiman komèsyal yo, pwopriyetè magazen ki vann an detay yo ak moun ki otorize nan non yo pou jere plas piblik anndan batiman yo ak biznis yo (kolektivman "Operatè yo") dwe gen diskresyon pou mande moun yo pou yo sibi tchèk tanperati anvan yo pèmèt yo antre. Anplis de sa a, Operatè yo pral gen diskresyon pou yo refize antre (i) nenpòt moun ki refize sibi tchèk tanperati a ak (ii) nenpòt moun ki gen tanperati ki pi wo pase sa Konsèy Depatman Sante Eta New York la entèdi. Pa gen Operatè ki dwe sijè a alegasyon vyolasyon akò jwisans pèzib, oswa objektif fristrasyon, jis paske yo ap ranfòse direktiv sa a. Yo ta dwe aplike direktif sa a nan yon fason ki konsistan ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act) ak nenpòt pwovizyon lwa ki nan swa Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta New York oswa Vil New York.
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.3, jan yo te pwolonje l la, ki te egzije nenpòt restoran oswa ba pou sispann sèvi kliyan yo manje oswa bwason sou plas, modifye ak dokiman sa a nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon restoran oswa ba sèvi kliyan manje oswa bwason sou plas sèlman nan espas anplennè, depi ke restoran oswa ba sa a an konfòmite ak konsèy Depatman Sante a te pibliye pou yon aktivite konsa.
- Dekrè Egzekitif 202.35 ki kontinye direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.33 modifye ak dokiman sa a ki pèmèt nenpòt ki rasanbleman ki pa esansyèl pou tanp adorasyon yo pa plis pase 25% nan kapasite

yo ka kenbe anndan lye sa a, depi ke li nan zòn jewografik nan Faz 2 nan re-ouvèti a, ak an plis depi ke yo respekte pwotokòl distans sosyal ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon ke Depatman Sante a mande.

- Lè w'ap reprann sèvis manje ak bwason sou plas anplennè nan lokal restoran ak ba ki gen lisans yo, pou fasilite konfòmite ak egzijans distans sosyal an koneksyon avèk sèvis sa yo, malgre nenpòt ki pwovizyon lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize (Alcoholic Beverage Control), restoran oswa ba yo nan eta New York pral gen pèmision pou elaji lokal ke Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) lisansye pou itilize (a) espas piblik ki toupre (pa egzanp, twotwa yo oswa lari yo ki toupre yo) ak/oswa (b) otreman espas prive ki toupre ki san lisans ki anba kontwòl restoran oswa ba sa yo, ki sijè a limit ak pwosedi ki rezonab ke Prezidan Otorite Alkòl Eta etabli epi, ki gen rapò ak itilizasyon (yon) espas piblik la, ki sijè a apwobasyon rezonab minisipalite lokal la, epitou ki sijè a konsèy Depatman Sante a te pibliye.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan sizyèm jou mwa jen nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a